

Ann pale de Mpox

Mpox ka fè ou malad. Li lakòz yon gratèl oswa maleng (varyòl). Li kapab fè ou santi ou tankou ou gen grip la tou. Vaksinasyon se yon zouti enpòtan nan anpeche pwopagasyon Mpox. Vaksen an ka toujou pwoteje kont maladi grav, entènè lopital, ak lanmò. Pran vaksen ak tou de (2) dòz vaksen an pou pi bon pwoteksyon. **Verifye ak founisè swen sante w la** pou w konnen si vaksen kont Mpox la rekòmande pou ou.

► Sentòm grip yo ka gen ladan yo:

- Lafyèb
- Tèt fè mal
- Doulè nan misk ak doulè nan do
- Glann anfle
- Frison
- Fatig

► Yon gratèl oswa maleng ka sou men, pye, pwatrin, figi, grenn, oswa andedan oswa sou bouch, vajen, ak twou dèyè.

► Maleng yo pral pase plizyè etap anvan yo geri. Sa a ka pran plizyè semèn.

Ki jan Mpox pwopaje?

Atravè kontak sere, pèsonèl oswa po-a-po ak yon moun ki gen Mpox, tankou:

- ▶ Gratèl yo, maleng, oswa kal
- ▶ Objè, twal, ak sifas yo manyen
- ▶ Ti gout respiratwa yo oswa saliv

Sa ka rive pandan:

- ▶ Akolad, bo, manyen, masaj
- ▶ Kolesere, kontak seksyèl
- ▶ Kontak fas-a-fas pwolonje

Moun ki ansent ka gaye viris la nan fetis yo pandan gwosès la.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen yon nouvo gratèl, maleng, oswa lòt sentom?

- ▶ Rele founisè swen sante w la
- ▶ Si ou pa gen yon founisè oswa asirans sante, vizite <https://health.maryland.gov/CSTIP/local> pou jwenn yon depatman sante toupre ou

Pou plis enfòmasyon

Eskane kòd sa a oswa vizite health.maryland.gov/mpox



Dènye revizyon dokiman sa a te fèt 2 dawout 2024. Yo mete dokiman sa a ajou sèlman lè yo fè revizyon ki enpòtan.

Depatman Sante Maryland
health.maryland.gov